

Kominote Lekòl Piblik Broward County,

Mési pou pasyans ak fleksibilite ou pandan n ap navige nan yon domenn ki pa fanmi pou nou ditou, se viris kowonaviris. Pou kenbe yon liy kominikasyon louvri ak kominote a, fanmi ak estaf, epi asire chak moun byen enfòm sou viris-la epi konn enfòmasyon enpòtan ki afekte lekòl piblik, nou dedye yon paj sou sitweb nou [browardschools.com/coronavirus](http://browardschools.com/coronavirus). Sou sit la, ou va jwenn kesyon moun poze souvan, ak enfòmasyon itil. N ap fè paran chonje kontakte lekòl pitit-yo pou mete ajou kontak enfòmasyon-yo konsa fanmi ka resevwa nouvèl resan ki pi ekzakt.

Kòm na kontinye swiv enfòmasyon sou sityasyon an k'ap evolye rapidman, nan moman sa, Distri a deside lekòl-yo va rete louvri. Li enpòtan pou elèv-yo resevwa enstriksyon kontini epi, pou kèk elèv, manje enpòtan, sòf si yon enfeksyon anpeche nou bay manje. Pifò elèv ki an sante pa a risk pou konplikasyon viris la. Endividi ki vilnerab medikalman ak moun ki gen plis pase 60 an pifò a risk, si yo espoze a kowonaviris. Sant Maladi Kontwòl ak Prevansyon [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)] deklare pifò moun nan piblik Ameriken, pap espoze a viris-la nan moman sa, risk imedya pou lasante, konsidere fèb anpil. Depatman Sante-Broward Florid [Florida Department of Health-Broward (FDOH)] oswa CDC pa rekòmande fèmen lekòl poulemoman.

Nou konprann chak sityasyon fanmi diferan, epi kèk manm fanmi ka vle pwoteje moun nan fanmi li ak esposizyon posib a viris-la. Paron epi gadyen se yo k'ap pran desizyon an dènye resò, desizyon anrapò ak prevansyon pou kenbe fanmi-yo an sekirite. Si ou preyokipe osijè sentòm oswa gen posiblité ou espoze a viris-la, rete lakay ou epi kontakte FDOH, nimewo 1-866-779-6121 oswa kontakte doktè oswa pwofesyonèl sante w.

Anba ou va jwenn yon deskripsyon enfòmasyon ki ka itil konsènan kowonaviris (COVID-19). Enfòmasyon an long anpil, men nou kwè li enpòtan, tanpri revize l konplètman.

**1. Si ou konn yon moun nan lekòl ou oswa depatman k ap pran yon tès pou kowonaviris:**

- a. Enfòmasyon sa ta dwe konsidere prive epi pèsònèl, sòf si tès-la konfime ak rezilta pozitiv. Yon moun ki gen rezilta konfime pou COVID-19 ta dwe soumèt yon Fòm Izole tèt-ou (Self-Isolation Form) sou sit swivan: <http://bit.ly/reportsselfisolation>.

**2. Si ou konn yon manm fanmi oswa yon moun ou gen kontak sere k ap pran yon tès pou kowonaviris:**

- a. Enfòmasyon sa ta dwe konsidere prive epi pèsònèl, sòf si rezilta tès-la konfime pozitiv.

**3. Si ou enkyè akòz yon moun ou konenn ki malad:**

- a. Sòf si moun-la bezwen swen an ijans, ou pa bezwen notifiye oken moun.

**4. Aksè limite nan lekòl-yo:**

- a. Apati 16 Mas, 2020, lekòl-yo dwe sispann tout aksè ki pa esansyèl a vizitè epi a gwoup alye tankou, men pa limite ak : PTA, PTSA, Boosters, reyinyon nan Zòn Inovasyon, SAC, SAF, ak Komite Konsiltatif School Board-Etabli, sispann tout aksè jiska nouvèl òd.

b. Distri a pap fè oken kontra lwaye pou nouvo lokal, jiska nouvel òd. Yo va notifye lokatè aktyèl osijè estati lwaye-yo.

**5. Èske transpòtasyon va kontinye gen sèvis aleritou ant lekòl ak lakay?**

a. Wi. Pap gen oken enteripsyon sèvis aleritou ant lekòl ak lakay.

**6. Èske ap gen aktivite pou sitwayen aje (senior) ak seremoni gradyasyon?**

a. Pandan n'ap kontinye jere sityasyon k'ap chanje rapid, desizyon konsènan aktivite sitwayen aje ak seremoni gradyasyon va fèt pi ta.

**7. Èske sèvis manje va disponib nan lekòl-yo?**

a. Wi. Gen plizyè fason pou founi sèvis manje nan lekòl ak nan kominote ki afekte.

**8. Sèvis siveyans timoun anvan ak apre lekòl (Bpefore and After School Childcare Services):**

a. Sèvis siveyans timoun avan ak apre lekòl va kontinye epi disponib nan lekòl Distri a, se sèvis ke pwogram School Board administre epi founisè prive ki gen kontra opere.

b. Kan pou timoun (childcare camp) ki nan lekòl-yo va kontinye fonksyone, diran vakans prentan, jan sa te prevwa.

c. Sòti edikatif (field trips), tout pwogram siveyans timoun apre lekòl (aftercare childcare programs) ki fonksyone nan lekòl Distri a, annile, jiska nouvel òd.

**9. Si ou gen kesyon sou sistèm mesaj oswa pwosedi Distri a konsènan kowonaviris:**

a. Tanpri vizite sitweb lekòl piblik Broward, Broward County Public Schools, [browardschools.com/coronavirus](http://browardschools.com/coronavirus).

b. Kontakte Ofis Kominikasyon, *Office of Communications*, nimwo 754-321-2300.

c. Kontakte departman Kowòdinasyon Sèvis Sante pou elèv (Coordinated Student Health Services Department) nan nimewo 754-321-1771 oswa 754-321-1772.

**10. Si ou gen kesyon konsènan konje otorize oswa absans ki gen rapò ak kowonaviris:**

a. Kontakte departman *Leaves Department* Distri a nan nimewo 754-321-3130.

**11. Si ou bezwen plis pwodi netwayaj pou departman ou oswa saldeklas ou:**

a. Kontakte Anplwaye anchaj antretyen, Head Facilities serviceperson.

**12. Si ou gen ka kowonaviris ki konfime, rezilta pozitif, ka-a nan lekòl ou:**

a. Kontakte administratè ou oswa sipèvizè ou, ki li-menm va kontakte ofis Office of School Performance and Accountability (OSPA) ant setè dimaten epi senkè lapremidi (7 a.m. - 5 p.m.) nan nimewo 754-321-3838.

**13. Si ou gen ka kowonaviris ki konfime, ak rezilta tès pozitif, nan departman Distri ou:**

a. Kontakte departman Risk Management Department, ki fonksyonnen tou yon jounen (24è) nan nimewo 754-321-1901.

**14. Liy kominikasyon:**

- a. Si w ap travay nan yon lekòl, premye liy kominikasyon ou se administratè ou.
- b. Si ou pap travay nan yon lekòl, kontakte sipèvizè ou.
- c. Sipèvizè ak administratè voye tout kesyon, mesaj, preyokipasyon ak sijesyon nan ofis Kominikasyon, *Office of Communications*, nimewo 754-321-2300.
- d. *Office of Communications* travay an kolaborasyon ak Sipèentandan an epi lidèchip Distri a pou dirije epi plannifye repons ak entèvansyon sou kowonaviris.

**15. Kisa pou ou fè si ou gen sentòm:**

- a. Si ou vreman enkyete akòz sentòm ou oswa ou gen yon posiblité ou espoze a viris-la, rete lakay ou epi kontakte doktè w oswa founisè swen sante w.
- b. Soumèt fòm Isole tèt-ou, *Self-Isolation Form*, nan lyen swivan:  
<http://bit.ly/reportselfisolation>.

**16. Kisa pou ou fè si ou sispèk yon elèv oswa yon anplwaye malad:**

- a. Elèv ak estaf ka gen sentòm kòm si yo malad malgre yo pa malad vre oswa kontajye. Gen anpil rezon ki fè yon moun ka touse oswa nen li ap koule, grip sezon oswa alèji ladann tou. Li enpòtan pou pa sipoze moun-la gen yon maladi.
- b. Se yon atitid ki apwopriye pou mande yon moun si li okay oswa si li bezwen yon klinèks. Mande sa avèk diskresyon. Atitid ki pa apwopriye se rele moun la devan lòt moun oswa mande-yo kite saldeklas-la oswa lye travay-la.
- c. Pa gen oken rezon pou "rapòte" yon elèv oswa yon manm estaf ki petèt malad.

**17. Evènman ak aktivite apre lekòl:**

- a. Apati Lendi, 16 Mas, 2020, tout aktivite apre lekòl annile jiska nouvo èd. Sòti edikatif (field trips), evènman spòtif ak pratik espò, konpetisyon akademik, ak tout aktivite klib epi aktivite paraskolè, annile.

**18. Plan netwayaj:**

- a. Depatman Antretyen Distri a (District's Maintenance Department) gen metòd netwayaj epi depatman an devlope yon plan daksyon ki pran an konsiderasyon elèv ak estaf. Yo bay anplwaye antretyen enstalasyon ak bildin, enstriksyon pou yo netwaye zòn kontak ki itilize pi souvan. Se yon priyorite.

**19. Ki metòd netwayaj nou ta dwe ranfòse epi ensiste pou elèv ak estaf respekte?**

- a. Lave men ou souvan ak savon epi dlo pou omwen 20 segonn.
- b. Evite manyen zye, nen oswa bouch ou.
- c. Rete lakay-ou, pa mele ak lezòt, si ou malad.
- d. Evite kontak sere ak moun ki malad.
- e. Kouvri bouch ou, nen ou ak yon klinèks, lè w ap touse oswa estènye, apre jete klinèks-la nan poubel epi lave men ou.

## 20. Politik Konfidansyalite:

- a. Byenke ou ka tande moun diskite/sipoze non ki elèv ki izole tèt-yo akòz kowonaviris, li enpòtan pou w konprann sèl moun nan Distri a yo kominike non elèv-sa-yo (selon otorite Depatman Sante, *Florida Department of Health-Broward*) se paran elèv-yo, enfimyè Distri a, direktè lekòl ak enfimyè nan lekòl ki afekte a, Sipèentandan an, ak ofisyè kominikasyon nou. Si ou tande moun ap kominike antreyo non elèv-yo, tanpri pa repete non elèv-yo bay nenpòt moun swa vèbalman oswa nan imel.

## 21. Kisa pou ou fè si ou resevwa yon kòl (apèl) de laprès:

- a. Si laprès rele yon anplwaye Distri a pou fè yon kòmantè oswa bay nenpòt kalite enfòmasyon sou kowonaviris, tanpri mande moun ki rele a kontakte dirèkteman ofis Kominikasyon, *Office of Communications*, nan nimewo 754-321-2300.

## 22. Evite fè pwofilaj:

- a. Li enpòtan pou w chonje ke viris sa te premye idantifye an Chin; viris-la pa lye ak oken gwoup etnik oswa gwoup rasyal. Yo rapòte ke prejije, diskou ènn, ak konpòtman ki izole moun, se yon atitid moun ki pé atrape viris-la, manifeste anvè Ameriken Azyatik. Si ou wè yon moun gen atitid sa, pale ak li epi adrese kesyon ènn ak prejije.

## 23. Rete kalm:

- a. Nou ensiste anpil sou enpòtans rete kalm, prepare epi rete enfòmè. Se devwa nou pou nou pa panike, di ki direksyon pou nou pran ak sa pou nou fè epi bay bon legzanp pou elèv nou epi fanmi nou. Chonje, CDC pibliye yon deklarasyon ki esplike pifò moun nan piblik Ameriken a pap espoze a viris-la nan moman sa, ris pou trape kowonaviris epi pou sa vin yon danje imedyà pou sante, ris la konsidere fèb.

Menm mezi prevansyon ou te pran pou diminye pwopagasyon lafyèv (flou) oswa lòt maladi respiratwa se menm prevansyon pou diminye pwopagasyon viris-la. FDOH ap swiv kowonaviris-la avèk anpil atansyon epi ap plannifye ankonsekans si viris la ta vin yon mennas enpòtan pou sante kominote nou.

## 24. Kisa ou ka fè:

- a. Nan limesyè, ranje tout sa ki an dezòd pou eliminen pousyè e nan tout kote ki ka ranmase tout ti patikil pousyè. Sa va fasilite travay netwayaj estaf ki responsab antretyen (kostodyan).
- b. Pote lakay-ou tout bagay ki fèt an twal tankou animal an pelich, twal ki kouvri chéz, etc.
- c. Di estaf kostodyann mèsi pou tout sa yo fè.
- d. Rete kalm epi okipe travay ou nan Distri a.
- e. Lave men ou souvan ak savon epi dlo pandan omwen 20 segonn.
- f. Evite manyen zye ou, nen oswa bouch ou.
- g. Lakay-ou, pa mele ak lòt moun, si ou malad.
- h. Evite kontak sere ak moun ki malad.

- i. Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks lè w ap touse oswa estènye, epi apre jete klinèks la nan poubel epi lave men ou.

**25. E si yon elèv/estaf mande mete mask pou figi nan lekòl-la?**

- a. Yo entèdi mas pou figi nan lekòl-la. Diplis, CDC note ke mas pou figi pa anpeche moun atrape maladi a.

**26. Kisa lekòl ak depatman dwe fè kòm mezi prevansyon nan lokal-yo?**

- a. Founi ase savon ak papye sèvyèt nan distribitè otomatik nan saldeben epi nan zòn dedye pou lave men pou elèv, estaf ak vizitè.
- b. Founi ase dezenfektan pou men (hand sanitizers).
- c. Netwaye epi dezenfekte sifas ak objè tankou manch pòt, sifas biwo ak ekipman (vledi konpitè, laptop); netwaye ak dezenfektan jèmisid, ke Distri a apwouve.
- d. Ensiste bòkote estaf, elèv ak vizitè pou lave men-yo souvan ak teknik kòrèk pou lave men ak/oswa itilize dezenfektan pou men.
- e. Afiche postè nan tout lekòl-la ak depatman, postè ki esplike teknik kòrèk pou lave men ak kouvri tous.
- f. Bay paran enfòmasyon nan Gid pou Paran osijè kowonaviris "Parent Guide to the coronavirus (2019)" epi poste enfòmasyon sou sitweb lekòl, enfòmasyon ke CDC pibliye.
- g. Distribye enfòmasyon nan reyinyon estaf, PTA ak lòt reyinyon kominotè.

**27. Èske gen restriksyon sou sòti edikatif òganize (field trips) ak vwayaj pou elèv?**

- a. Tout vwayaj edikatif entènasyonnal annile jiska nouvell èd.
- b. Tout vwayaj andeyò Leta Florid ki te apwouve epi k ap fèt apre Jedi, 12 Mas, 2020, annile.
- c. Apati Lendi, 16 Mas, 2020, mezi sa anvigè, tout sòti edikatif ak vwayaj elèv annile. Sa enkli evènman spòtif ak pratike aktivite spòtif, konpetisyon akademik, ak aktivite klib epi aktivite paraskolè.
- d. Tout elèv ak anplwaye k ap vwayaje sou pwòp volonte-yo nan yon zòn Nivo 3 Konsèy sante pou vwayajè (Level 3 Travel Health Notice area), jan CDC idantifye l, dwe rapòte ka-yo epi izole tèt-yo pandan 14 jou epi soumèt fòm Izole tèt-ou (Self-Isolation Form) nan lyen swivan sa, sit: <http://bit.ly/reportsselfisolation>.

**28. Èske gen restriksyon pou estaf ki va fè depasman pwofesyonnel?**

- a. Tout vwayaj ak depasman estaf pou biznis annile jiska nouvell èd.
- b. Tout elèv ak anplwaye k ap vwayaje sou pwòp volonte-yo nan yon zòn Nivo 3 Konsèy Sante pou vwayajè (Level 3 Travel Health Notice area), jan CDC idantifye sa, dwe rapòte ka-yo epi izole tèt-yo pandan 14 jou epi soumèt fòm *Self-Isolation Form* (Fòm Izole tèt-ou) nan lyen swivan sa, sit: <http://bit.ly/reportsselfisolation>.

**29. Èske Distri Lekòl Broward va fèmen akòz COVID-19?**

- a. Poulemoman, yo pa prevwa pou lekòl-yo fèmen. Direktiv pou fèmti lekòl epi gwo desizyon sa va pran an kolaborasyon ak minisipalite, founisè swen sante ak ajans onivo lokal, Florida Department of Health-Broward(Depatman Sante Broward), CDC ak Sipèentandan an.

### 30. Kilè elèv-yo dwe rete lakay-yo?

- N ap konseye paran/gadyen gade pitit-yo lakay-yo si pitit-la malad epi rapòte absans-la nan lekòl-la.
- Mezi sa antre anvigé kounyea, nenpòt elèv ki vin lekòl epi ki prezante sentòm tankou grip ak lafyèv (flou-sentòm) yo va izole elèv-sa nan yon kote ki deziye andedan lekòl-la. Si enfimyè lekòl-la, lyezon medikal ki deziye, oswa direktè lekòl-la konfime elèv-la ap prezante sentòm-sa-yo, elèv-la va rete nan sal ki deziye jiskaske paran-li oswa gadyen vin chèche l pou mennen elèv-la lakay-li. Elèv-la pap ka vin lekòl epi li pap ka patisipe nan aktivite paraskolè. Pou li tounen lekòl, yon doktè dwe deklare elèv-la pa prezante yon danje oubyen elèv-la pa prezante oken sentòm ankò pandan twa (3) jou swivi.
- Yo va eskize tout jou elèv-la absan epi y ap bay elèv-la opòtinite kontinye edikasyon li lakay-li grasa divès estrateji epi metòd.

### 31. Èske BCPS ap kite elèv-yo kontinye travay epi etidye lakay-yo?

- Pou elèv ki izole tèt-yo oswa nan ka lekòl fèmen, enfòmasyon sou aprantisaj kontini disponnib sou sit: [www.browardschools.com/learningnevercloses](http://www.browardschools.com/learningnevercloses). Tout fanmi dwe konekte sou Launchpad-yo (sign-in). Itilize nimewo idantifikasyon elèv ak modpas. Materyèl pedagogik aksesib pou tout elèv ki rete lakay-yo konsa elèv-yo ap kontinye aprann diran peryòd sa.

### 32. Èske bis lekòl-yo byen netwaye?

- Bis lekòl-yo netwaye toulejou.
- Apati Lendi, 16 Mas, 2020, estaf nan depatman Transpòtasyon va amelyore pwotokòl netwayaj kotidyen.

**Distri a kontinye ap siveye depre pwopagasyon kowonaviris-la, enpak li sou Konte Broward, spesyalman nan Lekòl Piblik Broward County, epi ap konsidere mete plis restriksyon nan aksè lekòl, apre vakans prentan.**

